



REKONESANS RANDEVOU NAN SANT SIPÒ APLIKASYON USCIS (Creole)

USCIS ka egzije pou vini pou fè yon entèvyou oswa pou bay anprend dijital ou, foto ou, ak/oswa siyati ou nepòt kilè pou verifye idantite ou, pou jwenn lòt enfòmasyon, epitou pou tcheke dosye kriminèl ou ak sekirite ou, tankou yon tchèk dosye istwa kriminèl yo konsève nan Biwo Federal Ankèt [Federal Bureau of Investigation (FBI)], anvan nou pran yon desizyon sou aplikasyon ou. Apre USCIS revize aplikasyon ou epi asire li konplè, n ap ba ou enfòmasyon alekri (oswa yon avi pa lapòs si ou ranpli aplikasyon ou sou fòm elektwonik), si ou bezwen ale nan yon randevou pou sèvis byometrik. Si yon randevou nesesè, avi a ap ba ou adrès lokal ou oswa Sant Sipò Aplikasyon [Application Support Center (ASC)] USCIS, dat ak lè randevou ou. Si ou pa ale nan randevou pou sèvis byometrik ou, USCIS ka bay refi pou aplikasyon ou.

Revize Rekonesans Sant USCIS ki parèt anba la a. Objektif rekonesans sa a se pou konfime ou te ranpli aplikasyon ou, ou te revize repons ou yo, ou te revize enfòmasyon ou te bay yo, epitou ou verifye si enfòmasyon ou te bay yo konplè, vrè ak kòrèk. Si yon moun te ede ou ranpli aplikasyon ou, moun sa a dwe revize rekonesans lan avèk ou pou asire ou konprann li.

Mwen, [DOE JOHN], rekonèt objektif randevou nan USCIS ASC-se pou mwen bay anprend dijital mwen, foto mwen ak/oswa siyati mwen, epi pou mwen re-konfime si tout enfòmasyon ki nan aplikasyon mwen konplè, vrè ak kòrèk, epi yo te ban mwen yo. Mwen rekonèt m ap siyen non mwen nan deklarasyon anba la a USCIS ap montre mwen nan moman m ap bay anprend dijital mwen, foto mwen, ak/oswa siyati mwen pandan randevou USCIS ASC mwen.

Depi mwen siyen la a, mwen deklare anba menas sanksyon pou fo temwayaj, mwen revize epi mwen konprann aplikasyon mwen, petisyon mwen, oswa demann mwen, jan sa idantifye nan nimewo resi ki parèt nan paj-ekran anwo a, ak tout dokiman sipò yo, aplikasyon yo, petisyon (yo), oswa demann (yo) ki fèt ansam avèk aplikasyon mwen, petisyon yo, oswa demann yo mwen (oswa avoka mwen oswa reprezantan akredite mwen) te fè nan USCIS, epi tout enfòmasyon ki nan dokiman sa yo se enfòmasyon ki konplè, vrè ak kòrèk.

Mwen rekonèt tou lè mwen siyen non mwen, lè mwen bay anprend dijital mwen, ak/oswa lè mwen kite yo fè foto mwen nan USCIS ASC, m ap re-konfime mwen soumèt aplikasyon sa a avèk volonte mwen; Mwen revize tout sa ki nan aplikasyon sa a; tout enfòmasyon ki nan aplikasyon mwen ak tout dokiman sipò mwen bay ansam avèk aplikasyon mwen yo te ban mwen se enfòmasyon ak dokiman ki konplè, vrè, ak kòrèk; epitou si yo te ede mwen ranpli aplikasyon sa a, moun ki te ede mwen an te revize Rekonesans Randevou sa a tou nan Sant Sipò Aplikasyon USCIS (Appointment at USCIS Application Support Center) avèk mwen.

Sa ki endike anba la a se langaj pou paj siyati elektwonik lan. Nou bezwen entènasyonalizasyon pou atestasyon ak paj siyati elektwonik lan.

Si an tout konesans epi volontèman ou falsifye oswa kache yon fè materyèl oubyen soumèt yon fo dokiman avèk aplikasyon, petisyon oswa rekèt ou a, nou pral rejte aplikasyon, petisyon oswa rekèt ou a epi nou ka rejte tout lòt benefis imigrasyon yo. An plis, ou pral tonbe anba sanksyon grav ke lalwa prevwa epi ou ka menm tonbe anba akizasyon pou zak kriminèl



Deklarasyon Moun ki Aplike a

Koche kaz la pou swa Paragraf Nimewo 1.a. oswa 1.b. Si li posib, koche kaz pou Nimewo Atik **2.**

1.a. Mwen kapab li epi konprann Anglè, epi mwen li epi konprann tout kesyon ak eksplikasyon ki nan aplikasyon sa a, ak repons mwen pou chak kesyon. Mwen li epi mwen konprann Rekonesans Randevou Obligatwa a nan Sant Sipò Aplikasyon USCIS (USCIS Application Support Center).

1.b. Entèprèt ki endike a, {Prenon Entèprèt la} {Non Fanmi Entèprèt la}, te li chak kesyon ak enstriksyon ki nan aplikasyon sa a pou mwen, ak repons mwen pou chak kesyon ki nan {Lang ki Entèprete a}, yon lang mwen pale ak ekri kòrekteman. Mwen konprann tout kesyon ak enstriksyon ki nan aplikasyon sa a jan entèprèt mwen te tradui yo pou mwen, epi mwen bay repons ki konplè, vrè ak kòrèk nan lang ki endike anba la a. Entèprèt {Prenon Entèprèt la} {Non Fanmi Entèprèt la}, te li Rekonesans Randevou nan Sant Sipò Aplikasyon USCIS pou mwen, nan lang mwen pale ak ekri kòrekteman, epi mwen konprann Rekonesans Sant Sipò Aplikasyon sa a [Application Support Center (ASC)] jan entèprèt mwen te li pou mwen.

2. Mwen mande sèvis yo epi mwen dakò pou {Prenon Preparatè a} {Non Fanmi Preparatè a}, [ki se] [ki pa] yon avoka oswa yon reprezantan akredite, pou prepare aplikasyon sa a pou mwen. Moun sa a ki te ede mwen prepare aplikasyon mwen te revize Rekonesans Randevou nan Sant Sipò Aplikasyon USCIS avèk mwen, epi mwen konprann Rekonesans ASC.

Mwen mande sèvis yo epi mwen dakò pou {Prenon Preparatè a} {Non Fanmi Preparatè a}, [ki pa] [ki pa] yon avoka oswa yon reprezantan akredite, pou prepare aplikasyon sa a pou mwen. Moun sa a ki te ede mwen prepare aplikasyon mwen te revize Rekonesans Randevou nan Sant Sipò Aplikasyon USCIS avèk mwen, epi mwen konprann Rekonesans ASC.

Konfirmasyon Moun ki Aplike a

Kopi nenpòt dokiman mwen soumèt se fotokopi egzat dokiman ki pa chanje, dokiman orijinal, epi mwen rekonèt USCIS ka egzije pou mwen soumèt dokiman orijinal ba USCIS nan yon lòt dat. Answit, mwen bay otorizasyon pou yo divilge nenpòt enfòmasyon nan nenpòt ak tout dosye mwen USCIS ka bezwen pou detèmine si mwen kalifye pou avantaj imigrasyon m ap chèche resevwa a.

Answit, mwen bay otorizasyon pou yo divilge enfòmasyon ki nan aplikasyon sa a, nan dokiman sipò yo, ak nan dosye USCIS mwen, ba lòt òganizasyon ak moun kote li nesesè pou administrasyon lwa imigrasyon Etazini.

Mwen konfime, anba sanksyon pou fo temwayaj, enfòmasyon ki nan aplikasyon mwen ak nenpòt dokiman mwen bay ansanm avèk aplikasyon mwen yo te ban mwen se enfòmasyon ak dokiman ki konplè, vrè, ak kòrèk.